# ФИЛОЛОГ СТУДЕНТЛЕРДИҢ ЛИНГВОМЕТОДИКАЛЫҚ КОМПЕТЕНЦИЯСЫН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕ «FLIPPED CLASSROOM» МОДЕЛИНЕН ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Мырзабаева Мухаббат Бахытбаевна** – *таяныш докторант*
muhabbatmyrzabaeva@gmail.com
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ВАЖНОСТЬ ИСПОЛЬЗОВАНИЯ МОДЕЛИ «FLIPPED CLASSROOM» В ФОРМИРОВАНИИ ЛИНГВОМЕТОДИЧЕСКОЙ КОМПЕТЕНЦИИ СТУДЕНТОВ-ФИЛОЛОГОВ

**Мырзабаева Мухаббат Бахытбаена –** *базовый докторант*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE IMPORTANCE OF USING THE «FLIPPED CLASSROOM» MODEL IN THE FORMATION OF LINGUOMETHODOLOGICAL COMPETENCE OF PHILOLOGY STUDENTS

**Mırzabaeva Muxabbat Baxıtbaevna** – *Doctoral student*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** лингвометодик компетенция, Flipped Classroom, инновацион таълим, интерфаол методлар, педагогик маҳорат.

**Резюме.** Ушбу мақолада олий таълим тизимида бўлажак филолог кадрларни тайёрлашда лингвометодик компетенциянинг ўрни ва уни ривожлантиришда инновацион "Flipped Classroom" моделининг аҳамияти баён этилган. Мақолада анъанавий таълим усулларининг чекланганлиги таҳлил қилиниб, назарий билимларни мустақил ўзлаштириш ва амалий кўникмаларни аудиторияда такомиллаштиришга йўналтирилган методологик ёндашувлар таклиф этилган.

**Ключевые слова:** лингвометодическая компетенция, Flipped Classroom, инновационное образование, интерактивные методы, педагогическое мастерство.

**Резюме.** В данной статье описывается роль лингвометодической компетенции в подготовке будущих филологов в системе высшего образования и значение инновационной модели "Flipped Classroom" в ее развитии. Также анализируется ограниченность традиционных методов обучения и предлагаются методологические подходы, направленные на самостоятельное усвоение теоретических знаний и совершенствование практических навыков в аудитории.

**Key words:** linguomethodical competence, Flipped Classroom, innovative education, interactive methods, pedagogical skills.

**Summary.** This article describes the role of linguomethodological competence in the training of future philologists in the higher education system and the importance of the innovative "Flipped Classroom" model in its development. The article analyzes the limitations of traditional teaching methods and proposes methodological approaches aimed at independent acquisition of theoretical knowledge and improvement of practical skills in the classroom.

**Кирисиў**. Бүгинги глобалласыў ҳәм мәлимлеме технологиялары әсиринде жоқары билимлендириў орынлары алдында турған тийкарғы ўазыйпалардан бири тек ғана теориялық билимге ийе емес, ал өз тараўында жоқары компетенцияны көрсете алатуғын кадрларды таярлаў болып табылады. Филолог студентлер ушын бундай компетенциялар шынжырында лингвометодикалық компетенция орайлық орынды ийелейди. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 8-октябрьдеги ПФ-5847-санлы Пәрманы менен тастыйықланған «Өзбекстан Республикасы жоқары билимлендириў системасын 2030-жылға шекем раўажландырыў концепциясы»нда оқыў бағдарламаларында теориялық билим алыўға бағдарланған билимлендириўден әмелий көнликпелерди қәлиплестириўге бағдарланған билимлендириў системасына басқышпа-басқыш өтиў тийкарғы ўазыйпа сыпатында белгиленген [1]. Бул ўазыйпаны әмелге асырыўда «Flipped Classroom» (Кери класс) модели теориялық материалды еркин өзлестириўге өткериў ҳәм сабақ ўақтын тиккелей әмелий көнликпелерди раўажландырыўға бағдарлаў имканиятын беретуғын оптимал шешим есапланады. Лингвометодикалық компетенция – бул болажақ педагогтың тек ғана тил нызамлықларын билиўи емес, ал усы билимлерди түрли аудитория қатламларына нәтийжели жеткерип бере алыў шеберлиги болып табылады. Бирақ, дәстүрий билим бериў моделинде теориялық баянатларга көп ўақыт ажыратылыўы себепли, студентлерде әмелий методикалық көнликпелерди қәлиплестириўге ўақыт жетиспеўшилиги бақланады. Бул машқаланы шешиўде жәҳән педагогикасында өзиниң унамлы нәтийжелерин көрсетип атырған «Flipped Classroom» модули үлкен әҳмийетке ийе.

**Әдебиятлар анализи**. Аралас тәлим машқалалары ҳәм оны заманагөй тәлим процесинде әмелге асырыў мәселелери Ж.Е.Усаров, Л.Г.Бобоходжаева, Н.Юсуповалардың [8], Өзбекстандағы жоқары оқыў орынларында онлайн тәлим алыў ҳәм тәлим процесинде санлы технологиялардан пайдаланыўдың нәтийжелилиги бойынша Л.С.Махмудхожаева [7], аралас билим бериў технологияларын оқиў процесинде қолланыў өзгешеликлери Д.Кларк [6], К.Р.Грэм, С.Аллен, Д.Уре [4], Р.Шанк, Г.Р.Сондерс [9], сыяқлы шет ел илимпазларының мийнетлеринде изертленген. А.А.Фахрутдинованың илимий жумысында «Flipped Classroom» модулин аралас билимлендириў технологияларының бир түри сыпатында тәрийиплеў ҳәм заманагөй инглис тили сабақларында «Flipped Classroom» модулиниң орнын анықлаў мәселелери үйренилген [3]. Б.Холмировтың жумысы усы модулдиң

мазмун-мәниси ҳәм оны билимлендириў процесине енгизиў мәселелерине арналған [5]. Б.Холмиров билимлендириўди жеке тәртипте енгизиўге айрықша итибар қаратады. Ол жекелестирилген билимлендириўди ҳәр бир студенттиң күшли ҳәм әззи тәреплерин есапқа алыў деп тәрийплейди. «Жеке тәртиптеги билимлендириў – бул ҳәр бир студенттиң күшли тәреплери, зәрүрликлери, көнликпелери ҳәм қызығыўшылығын есапқа алған халда үйрениўди бейимлестириўге бағдарланған билимлендириў процеси [5:6]». Жеке тәртиптеги билимлендириў парадигмасы «Кери класс» («Flipped Classroom») моделиниң тийкарын қурайды. Себеби, ҳәр бир студенттиң индивидуал қәбилети, үйрениў усылы ҳәм интеллектуаллық потенциалы ҳәр қыйлы. Бундай қатнас билим алыўды пассив процесстен саналы ҳәм индивидуал раўажланыў процесине айландырады, оқыў процесин студенттиң мүтәжликлерине бейимлестиреди. Бул болса, өз гезегинде оқыў материалының тек ғана жүзеки өзлестирилиўин емес, ал әмелий көнликпелер менен терең интеграцияланыўын тәмийинлейди.

**Тийкарғы бөлим**.

***1. Лингвометодикалық компетенцияның мазмуны ҳәм қурамлық бөлимлери.***




Филолог-студент өзиниң келешектеги педагогикалық жумысында усы компонентлерди синтезлей алыўы шәрт. Егер студент тил билимин жетик билсе де, оны түсиндириў методикасын ийелемеген болса, оның профессионал хызмети нәтийжесиз болып қала береди.

***2. «Flipped Classroom» моделиниң теориялық тийкары.***

«Flipped Classroom» модели – бул дәстүрий билимлендириў схемасын түп-тийкарынан өзгертиўши педагогикалық қатнас. Егер дәстүрий сабақта «теория класста – әмелият үйде» принципи әмелге асырылса, бул моделде «теория үйде – әмелият класста» принципи үстинлик етеди. «Flipped Classroom» концепциясы өткен әсирдиң 90-жылларында қәлиплесе баслаған болса да, оның кеңнен ен жайыўы ҳәм билимлендириў системасына жедел кирип келиўи XXI әсирдиң басларына туўра келеди. Бул атама ҳәм методиканың әмелиятқа енгизилиўи орта мектеп оқытыўшылары Ж.Бергманн ҳәм А.Самс аты менен байланыслы. Олар 2007-жылдан баслап оқыў процесин оптималластырыў мақсетинде лекция материалларын аудио-видео форматта жазып алып, сабақ ўақтын тек интерактив ҳәм әмелий шынығыўларға бағдарлаған [5:4].

- Үйде (өз бетинше): Студентлер оқытыўшы тәрепинен таярланған видео-лекциялар, оқыў материаллары, презентациялар арқалы өз бетинше сабаққа таярланады.
- Класта (интерактив): Аудиторияда болса оқыған материллары бойынша интерактив методлар үстинде ислейди.

«Flipped Classroom» модулин оқыў процесине енгизиўдиң тийкарғы компонентлери сыпатында төмендегилерди көрсетиў мүмкин [2:4]:




- Аралықтан оқытыў ушын арналған ашық санлы тәлим платформалары;
- Мултимедиа тийкарындағы оқыў-методикалық материаллар комплекси (видео-лекциялар, аудиолар ҳәм текстли ҳүжжетлер);
- Темалардың мазмун-мәнисин толық ашып беретуғын жоқары сапалы визуал презентациялар;
- Оқытыўшы ҳәм студент арасында аралықтан байланыс ҳәм өз ара пикир алмасыўды тәмийинлеўши санлы байланыс қураллары.

***3. Филолог студентлерде лингвометодикалық компетенцияны раўажландырыў механизми.***

«Қарақалпақ тили фонетикасын оқытыў» темасын усы модел тийкарында шөлкемлестириўди көрип шығайық:

| I басқыш: Аудиториядан тысқары таярлық | II басқыш: Аудитория шынығыўы (80 минут) |
|---|---|
| Оқытыўшы студентлерге темаға байланыслы 15-20 минутлық видео-сабақ ямаса презентацияны (Тәлим платформалары арқалы (Google Clasroom) жибереди. Студент теорияны (мәселен, Даўыслы сеслер классификациясы) өзи қәлеген ўақытта ҳәм тезликте үйренеди. | Сабақ ўақты толық әмелий жумысқа жумсалады:<br>*Машқалалы жағдайлар (Case-study): «Егер оқыўшы «а» ҳәм «ә» сесин алжастырса, қайсы методикалық усылдан пайдаланасыз?» сыяқлы кейслер үстинде ислеў.<br>*Микро-оқытыў (Micro-teaching): Ҳәр бир студент сабақтың бир бөлегин методист сыпатында алып барады ҳәм студентлер тәрепинен талқыланады.<br>*Методикалық конструктор: Студентлер киши топарларда жаңа тема бойынша гамификацияға тийкарланған тапсырмалар жойбарын дүзеди. |

***4. Моделдиң абзаллықлары ҳәм нәтийжелери.***

«Flipped Classroom» моделин қолланыў филолог-студентлерде төмендеги унамлы өзгерислерге алып келеди:

- **Ўақытты үнемлеў:** Теорияны баянлаўға кететуғын ўақыт әмелий шеберликти қәлиплестириўге бағдарланады.
- **Дифференциаллық жақынласыў**: Ҳәр бир студент материалды өз тезлигинде өзлестиреди.
- **Креативлик**: Студент сабақта тек тыңлаўшы емес, ал сабақ сценарийсин жаратыўшы биргеликтеги авторға айланады.
- **Санлы саўатлылық:** Студентлер ҳәр түрли билимлендириў платформалары ҳәм мултимедиа қураллары менен ислеўди үйренеди, бул болса олардың технологиялық компетенциясын арттырады.

**Талқылаў ҳәм нәтийжелер**. Изертлеўлер соны көрсетеди, «Flipped Classroom» моделинде оқытылған студентлердиң лингвометодикалық таярлық дәрежеси дәстүрий топарларға салыстырғанда жоқары болады. Бул, әсиресе, болажақ оқытыўшылардың сабақ өтиўдеги психологиялық тосқынлықларын (қорқыныш, өзине исенбеўшилик) сапластырыўда әҳмийетли. Филолог-студент аудитория алдында теорияны айтып бериўге салыстырғанда, сол теорияны қалай оқытыўды көрсетип бериў арқалы ҳақыйқый қәнийге сыпатында қәлиплеседи. Бирақ, бул моделди енгизиўде айырым машқалалар да ушырасыўы мүмкин: студентлердиң өзин-өзи басқарыў дәрежеси төмен ямаса техникалық үскенелениў жетиспеўшилиги. Сонлықтан, лингвометодикалық компетенцияны раўажландырыўда бул моделди басқышпа-басқыш, студенттиң таярлық дәрежесин есапқа алған ҳалда енгизиў зәрүр. «Flipped Classroom» моделин әмелиятқа енгизиў өзине тән концептуал қатнас ҳәм белгили талапларды талап етеди.

*Бириншиден*, педагогикалық шеберликтиң жоқары дәрежеси талап етиледи; жаратылып атырған санлы контент (видео/аудио) информациялар ағымы күшли болған глобал тармақтағы материаллар менен бәсекилесе алатуғын дәрежеде илимий ҳәм креатив болыўы шәрт. *Екиншиден,* оқыў материаллары студентлердиң жас өзгешеликлери ҳәм қызығыўшылықларына сәйкес түрде ықшам ҳәм мотивациялық характерге ийе болыўы керек. *Ушиншиден,* тапсырмаларды жойбарлаўда студентлердиң социаллық-мәдений ҳәм индивидуал өзгешеликлери есапқа алыныўы зәрүр. Моделдиң нәтийжелилиги студентлердиң жаңа форматтағы оқыў мақсетлерин қай дәрежеде түсингенлиги ҳәм процесстеги жуўапкершиликлери менен тиккелей байланыслы.

**Жуўмақ.** Филолог-студентлердиң лингвометодикалық компетенциясын қәлиплестириў заманагөй билимлендириўдиң стратегиялық мақсети есапланады. «Flipped Classroom» модули бул мақсетке ерисиўдиң ең нәтийжели қуралларынан бири. Ол билим бериў процесин субъект-объект қатнасынан субъект-субъект қатнасына өткереди, яғный студентти орайға қояды. Өткерилген изертлеўлерлерди есапқа алған ҳалда «Flipped Classroom» модели билим бериў процесинде төмендеги нәтийжелерге алып келеди:

- ✓ Методикалық креативликтиң раўажланыўы: Студентлер теориялық мағлыўматларды сабақтан тысқары ўақытта өз бетинше өзлестирип, сабақ даўамында машқалалы жағдайлар ҳәм кейслер үстинде ислеўи олардың педагогикалық шеберлигин ҳәм стандарт емес методикалық шешимлер табыў қәбилетин (креативлигин) арттырады.
- ✓ Өз бетинше билим алыў ҳәм санлы саўатлылық: Керисинше оқытыў модели студентлерде информациялық ресурслар менен өз бетинше ислеў, ўақытты басқарыў (time-management) ҳәм өзин-өзи баҳалаў көнликпелерин қәлиплестиреди.
- ✓ Кәсиплик-педагогикалық таярлық: Филолог-студент тек ғана тил материалын үйренбейди, ал усы технология мысалында келешектеги өзиниң педагогикалық жумысы ушын таяр инновациялық методикалық моделди өзлестиреди. Бул процесс олардың оқытыўшылық кәсибине болған социаллық-психологиялық бейимлесиўин тезлестиреди.

**Әдебиятлар**

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 8-октябрьдеги «Өзбекстан Республикасы жоқары билимлендириў системасын 2030-жылға шекем раўажландырыў концепциясын тастыйықлаў ҳаққында»ғы ПФ-5847-санлы Пәрманы.
2. Бердийева И.Х. Ўқитишнинг “Flipped Classroom” модели: мазмуни, қўллаш талаблари ва имкониятлари. // Academic research in educational sciences volume 2 | ISSUE 9.
3. Faxrutdinova A.A. O‘zbekistonda ingliz tilini oqitishda “Teskari sinf” aralash talim modelining integrasiyasi. Pedagogika fanlari boyicha falsafa doktori diss. avtoreferati. – Chirchiq: 2023.
4. Грэм К.Р., Аллен С., Уре Д. Преимущества и проблемы смешанных учебных сред. Энциклопедия информационных наук и технологий (1-е изд.). – Херши: Пенсильвания: «Idea Group Reference», 2005.
5. Холмиров Б. Ўқув жараёнини тескари синф (flipped classroom) технологияси асосида такомиллаштириш. –Тошкент: «Yetakchi nashriyoti», 2024.
6. Clark D. Learning experience design. – Kogan Page Publishers, 2021.
7. Махмудхожаева Л.С. Онлайн образование и цифровые средства обучения в вузах Узбекистана. // Open education, № 3. 2021.
8. Usarov J.E., Boboxodjayeva L.G., Yusupova N. Aralash ta'lim shakli pedagogik ta'lim klasterining zamonaviy yondashuvi sifatida. // Science and Education, 2021. № Special Issue 1.
9. Шанк Роджер и Сондерс Генриетта. Виртуальное обучение: революционный подход к созданию высококвалифицированной рабочей силы. Performance Improvement, 2001.